



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈSKE 16 MILYON DOLA POU FINANSE TWA INISYATIV POU KONBAT POVRETE NAN ROCHESTER

Finansman pral sipòte Sant Devlopman Mendèv Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College Workforce Development Center), Pwogram Pilòt Konseyè pou Sikse Ankadremman Adilt lan (Mentors for Success Adult Mentoring Program) ak Agrandisman Pwogram Koneksyon Bous-Travay Ankadremman Jèn Hillside lan (Hillside Work-Scholarship Connection Youth Mentoring Program)

Envestisman an Konpleman Inisyativ “Vanse Finger Lakes” lan (“Finger Lakes Forward”) – ki se Plan Dirèktè Reyisi Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ki gen objektif pou Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse prèske 16 milyon dola pou finanse twa pwojè k ap fèt nan Rochester ki gen pou objektif redwi povrete nan rejyon Finger Lakes la -- Nouvo Sant Devlopman Mendèv Finger Lakes Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College, MCC) ki nan Pak Aktivite Eastman lan (Eastman Business Park), Nouvo pwogram pilòt “Konseyè pou Sikse” (“Mentors for Success”) Inisyativ Kont Povrete nan Rochester-Monroe a (Rochester-Monroe Anti Poverty Initiative, RMAPI), ak pwogram Koneksyon Bous-Travay Hillside lan ki te la depi byen lontan.

Pwojè sa yo se twa premye pwojè ki resevwa finansman atravè plan “Yon Plan Kominotè” (“One Community Plan”) Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council, FLREDC) te mete sou pye, ki idantifye pwojè priyorite ki devlope inisyativ preparasyon mendèv soti nan bèso rive nan karyè pwofesyonèl yo (cradle-to-career). Rediksyon povrete se yon objektif fondamantal plan estratejik Finger Lakes Forward la, sa ki sipòte plizyè “Chemen anvè Pwosperite” (“Pathways to Prosperity”) pou tout moun.

Gouvènè Cuomo te di: “Povrete se youn nan defi ki pi konplèks ak pi envaziv ki te ka genyen nan epòk nou an, epi solisyon reyisi yo dwe kòmanse nan nivo lokal epi ranfòse kapasite kominote yo lè yo bay yo resous ak zouti yo gen bezwen. Envestisman sa yo pral ede kraze baryè ki bloke anpil Nouyòkè onèt k ap travay di pou ede yo soti nan sik povrete yo ye a epi kreye nouvo chemen pou ede fanmi sa yo jwenn pwosperite.”

Sant Devlopman Mendèv Finger Lakes la (Finger Lakes Workforce Development Center, FWD)

Sant Devlopman Mendèv Finger Lakes Inivèsite Kominotè Monroe a ki sitiye nan Pak

Aktivite Eastman lan – oswa Sant FWD a – pral pran yon apwòch polivalan pou l kreye mendèv 21èm syèk lè yo mete travayè yo nan gwo pòs travay teknoloji nan domèn enèji, byomateryèl, fim fonksyonèl ak fotonik konpayi nan pak yo ofri yo. Pwogram etid Sant FWD a pral gen ladan fòmasyon nan domèn tankou mekatronik, zoutiyaj presizyon, idwolik, aplikasyon pou òdinatè yo epi li pral ofri meyè fòmasyon nan konpetans antreprenarya, aprann etidyan yo teknik kominikasyon efikas, travay an ekip ak teknik refleksyon kritik yo. Pandan senk ane k ap vini an yo, yo espere fòme plis pase 2 300 travayè epi ajoute 90 milyon dola nan benefis ekonomik pou rejyon an sou fòm salè travayè yo epi sa ap ogmante enpòtans chèn distribisyon an.

Sibvansyon 6 milyon dola SUNY 2020 an pral finanse premye faz devlopman etablisman sa a, epi gen 5,4 milyon dola k ap soti nan sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a yo atravè Devlopman Empire State la pou finanse rès faz yo. Anplis de sa a, pwojè a pral rantabilize sibvansyon 6 milyon dola yo akòde resaman atravè Inisyativ Fedral Promès America (America Promise Initiative), ak yon investisman prive 320 000 dola JPMorgan Chase te fè, pou sipòte frè eskolè ak lòt frè pou etidyan ak pwogram ki kalifye yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Konsejè pou Sikse

Inisyativ Kont Povrete nan Rochester-Monroe a te kreye pwogram pilòt Konsejè pou Sikse de zan sa a pou reponn a premye priyorite primòdyal yo a ki se agrandi sèvis ankadreman adilt pou sila yo ki vle rive okipe tèt yo pou kont yo, men ki twouve yo anba liy povrete a nan moman sa a. 1,5 milyon dola finansman pou pwogram sa a pral soti nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, sa ki pral egale ak yon lòt 1,5 milyon dola adisyonèl nan finansman prive.

Pwogram lan pral mete konsejè pwofesyonèl yo an kontak ak patisipan yo pou yo idantifye bezwen sosyoekonomik yo epi fikse objektif ak plan daksyon yo. Manm pèsònèl yo pral travay depre ak asosyasyon katye yo, lekòl yo ak ajans yo pou yo fè rekòmandasyon kandida ki pou patisipe nan chak gwo katye ki anndan Inisyativ Kont Povrete Rochester-Monroe a yo. Patrisipan yo ap resevwa lajan kach kòm ankourajman lè yo fè rapò sou pwogrè yo chak mwa, epi atenn objektif yo te fikse yo tankou fè timoun yo fè pi gwo mwayèn, amelyore kot kredi yo, amelyore konpetans edikasyon/djòb yo oswa kòmanse fè ekonomi. Sant Fanmi Katolik lan (Catholic Family Center) pral travay an patenarya ak Aksyon pou yon Meyè Kominote (Action for a Better Community) ak Kay Kominotè Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Community Place of Greater Rochester) pou yo kòmanse travay ak 300 fanmi ki nan katye EMMA (East Main, Mustard & Atlantic Avenue), Beechwood ak Marketview Heights ki sou zòn lès Rochester a.

Koneksyon Bous-Travay Hillside la (Hillside Work-Scholarship Connection)

Nan moman sa a, Koneksyon Bous-Travay Hillside la (Hillside Work-Scholarship Connection) ap mete 700 elèv segondè nan lekòl ozalantou Rochester yo pou fè pè avèk sèvis ankadreman ak jwenn djòb a tan pasyèl chak ane. Pwogram sa a pral resevwa 3 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, sa ki pral egale ak yon lòt 3 milyon dola adisyonèl nan finansman prive. Yo pral itilize finansman yo pou yo agrandi pwogram lan pou ajoute 500 etidyan chak ane pandan de zan k ap vini yo nan

zòn lès Rochester a.

Koneksyon Bous-Travay Hillside la ede etidyan jwi siksè tout lavi yo atravè yon pwen dorijin pou sèvis sipò ki gen ladan sipò akademik endividalize, preparasyon pou inivèsite, ak devlopman konpetans ki bon pou lavi ak karye pwofesyonèl yo. Defansè Jèn pwofesyonèl yo ki fè pè ak etidyan yo, fanmi yo ak pwofesè yo, ap dirije sèvis sa yo pou ede chak patisipan debloke vrè potansyèl yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Yo pral senplifye atravè yon nouvo Fon pou Pwosperite (Prosperity Fund) finansman prive yo ap itilize pou egale finansman Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a pou pwojè Konseyè pou Siksè ak Koneksyon Bous-Travay Hillside yo, ansanm ak pou sipòte lòt pwojè potansyèl kont povrete alavni. United Way Rejyon Metwopolitèn Rochester a (United Way of Greater Rochester) pral jere Fon pou Pwosperite a, epi li te kòmanse avèk gwo kontribisyon Fondasyon Fanmi Wegmans (Wegmans Family Foundation) ak Fondasyon Fanmi Sands lan (Sands Family Foundation) te fè yo.

Prezidan, PDG ak Komisè Devlopman Empire State lan, Howard Zemsky te di:

“Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, investisman nou te kontinye fè nan sèvis ki gen gwo enpak yo pral asire gen plis moun nan rejyon an ki ka patisipe nan opòtinite ekonomik k ap kontinye agrandi de jou an jou yo ap ofri pandan n ap vanse pwogram Finger Lakes Forward la.”

Koprezidan FLREDC ak Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College), Anne Kress te di:

“Nou rekonesan pou investisman Eta New York la ak Gouvènè Cuomo fè nan Sant Devlopman Mendèv Finger Lakes la. Patenarya piblik-prive sa a pral pèmèt moun resevwa fòmasyon nan karyè ki pi andemand nan rejyon nou an yo. Kolaborasyon sa yo k ap fèt ant inivèsite ak anplwaye nan zòn Finger Lakes lan yo ap elimine eka konpetans yo epi kreye yon ekonomi rejyonal ki pi solid lè yo founi etidyan yo espesyalite yo bezwen pou yo vanse vè lavan, pou yo rete nan kominote nou an, epi pou yo sipòte fanmi yo ak yon vrè salè sibzistans. MCC atann pou kreye ranp pou chemen anvè pwosperite yo.”

Koprezidan FLRDEC ak PDG Wegmans Food Markets la, Danny Wegman te di:

“Rediksyon povrete rete yon priyorite primòdyal pou konsèy rejyonal la. Nou gen Gouvènè a larekonesans paske l kontinye sipòte efò nou ap fè pou nou vrèman ede sila yo ki ap fè fas a move moman lè nou ede yo jwenn yon fason pou yo vanse pou pi devan. Ansanm, efò sa yo sèvi pou ranfòse kapasite kominote nou an tout antye lè nou finanse solisyon konpreyansif sa yo. Nou pral kontinye travay ansanm pou nou konbat liy povrete inakseptab k ap afekte fanmi nan kominote nou yo.”

Senatè Joe Robach te di: “Anplis de fon pou finanse pwojè devlopman ekonomik nou yo, mwen ta renmen aplodi Gouvènè a pou efò kolaboratif li fè yo nan travay avèk tout pati konsène yo pou nou kreye plis opòtinite pou moun k ap tranzisyon soti nan povrete yo. Sa a se yon pwoblèm ki enpòtan, epi mezi global sa pral gen yon enpak pozitif sou kominote nou an tout antye pandan n ap vanse vè lavan.”

Majistra Rochester a, Lovely Warren te di: “Gouvènè Cuomo te yon chanpyon epi l ap kontinye rete yon chanpyon pou fanmi nan Rejyon Nò New York yo. Finansman sa a

pral ede Konseyè pou Sikse, Koneksyon Bous-Travay Hillside la ak nouvo Sant Devlopman Mendèv Finger Lakes la ofri nouvo opòtinite edikasyonèl epi ede sitwayen nou yo jwenn aksè a djòb ki andemand yo, sa ki pral elve katye ak kominote nou yo tout antye. Gras a envestisman ki sot fèt nan Rejyon Nò New York yo, nou ap kòmanse wè vrè chanjman enpòtan, epi se poutèt sa mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske l te wè potansyèl vil tankou Rochester yo ka pote pou amelyore ekonomi eta tout antye.”

Egzekitif Konte a, Cheryl Dinolfo te di: “Devlopman mendèv se te karakteristik prensipal gouvènman mwen an. “Plan Yon Kominote” Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la lanse a, pral pèmèt nou itilize sipò piblik ak prive pou mete plan nou an aksyon pou leve fanmi yo soti nan povrete atravè bon jan fòmasyon pou travay ak eksperyans. Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou vanse “Plan Yon Kominote” a pi devan.”

Prezidan ak PDG Sant Fanmi Katolik la (Catholic Family Center), Marlene Bessette te di: “Nou bezwen pwouve sa ki mache nan Rochester pandan pwogram pilòt sa a pou nou ka defann agrandisman pwogram ki ka mache atravè tout rejyon an yo. Pwogram pilòt sa a ap kòmanse ak modèl ankadreman yo te pwouve ki reyisi nan lòt vil men yo pral adapte yo selon bezwen lokal ak fidbak kominote a yo. Lòt aspè enpòtan nan apwòch nou an sèke li gen kolaborasyon ant ajans ki byen entegre; an premye lye avèk patnè k ap egzekite pwojè yo, Aksyon pou yon Meyè Kominote (Action for a Better Community), Kay Kominotè Rejyon Metwopolitèn Rochester (Community Place of Greater Rochester), ak Biwo Majistra pou Inistiyativ Estratejik pou Inovasyon (Mayor’s Office of Innovation and Strategic Initiatives), epi avèk pi plis founisè, edikatè ak anplwaye tou. Pou nou reyisi, nou bezwen plase nou antèt enpak kolektif sa a.

Prezidan Koneksyon Bous-Travay Hillside la (Hillside Work-Scholarship Connection), Augustin Melendez te di: “Koneksyon Bous-Travay Hillside la gen 30 an distwa depi l ap ede jèn yo retire tèt yo nan povrete lè li ede amelyore to gradyasyon epi ede yo prepare pou yo reyisi nan inivèsite ak nan karyè yo. Prim ankourajman sa a pral pèmèt anpil santèn etidyan nan zòn Rochester yo gen aksè a benefis pwouve pwogram nou yo ofri yo.”

Prezidan ak PDG United Way Rejyon Metwopolitèn Rochester a (United Way of Greater Rochester), Fran Weisberg te di: “Finansman sa a pral sipòte efò kominote nou an ap fè yo pou yo redwi povrete epi ede anpil moun nan zòn nan yo ki nan bezwen. Li montre angajman kominote Rochester yo pran pou yo travay ansanm pou ede plis moun okipe tèt yo pou kont yo. Antanke yon kominote, nou te patisipe an vrè kolaborasyon pou nou reyisi soumèt yon aplikasyon pou Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, epi kounye a nou kapab vin pote finansman enpòtan sa yo pou Rochester pou ede nou kòmanse soti nan povrete.

Direktè Inisyativ Kont Povrete Rochester-Monroe a (Rochester-Monroe Anti-Poverty Initiative, RMAPI), Leonard Brock te di: “Mwen kontan anpil de sipò Gouvènè a ak angajman l pran pou ede Rochester. Eta a sèvi kòm yon premye katalis ki alimante efò k ap fèt onivo lokal yo pou redwi povrete epi ogmante valè fanmi ki ka pran swen tèt yo pou kont yo. Jiskaprezan, RMAPI te angaje plis pase 200 enstitisyon ak anpil milye moun atravè tout rejyon an. Opinyon sa yo te pèmèt nou konsantre efò

nou yo sou priyorite moun nan zòn povrete pi afekte yo genyen avèk èd ankadreman adilt ak navige priyorite primòdyal ki soti nan travay n ap fè yo. Ede fanmi yo atenn epi kenbe yon travay kote yo touche salè ki ka soutni lavi yo se sètènman youn nan pa sou nechèl ki pou ede yo soti nan povrete a. Nou kontan anpil pou nou kòmanse mete plan an aplikasyon.”

Akselerasyon Pwogram Finger Lakes Forward lan

Anons jodi a vin konpleman pwogram “Finger Lakes Forward” la, ki se plan direktè konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominote a. Eta a te investi deja plis pase 3,4 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li te investi nan endistri kle ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, to chomaj la desann nan pi ba nivo depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou yo devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta fè a ap ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2,5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo te soumèt li a, gen pwojè pou kreye jiska 8 200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Inisyativ Kont Povrete Rochester-Monroe a

Yo te kreye Inisyativ Kont Povrete Rochester-Monroe a an 2015 pou travay an patenarya ak Inite Operasyonèl Kont Povrete nan Rochester (Rochester Anti-Poverty Task Force) Gouvènè a te mete sou pye pou yo devlope nouvo fason inovatif pou redwi povrete. Inisyativ la te adopte yon modèl enpak kolektif ki te vin tounen baz fundamental pou kreyasyon Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State (Empire State Poverty-Reduction Initiative) 2016 la pou pote menm efò ki baze sou kominote sa a nan tout zòn toupatou atravè Eta a. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###